



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO BÒ RIVAJ PAK ETA GREEN LAKES
KI KOUTE 6 MILYON DOLA KI SE SANT EDIKASYON ANVIWÒNMANTAL**

***Amelyorasyon nan Pi Gran Destinasyon Touris sa a ap Konpleman Plan Direktè
pou Devlopman Ekonomik Central NY Rising la***

***Patenarya Piblik-Prive ede revitalize Pak Devan Rivaj Lak epi ankouraje
Divètisman Aleksteryè***

Amelyorasyon sou 19 kilomèt Kanal Santye Erie a Fini

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo fini amelyorasyon 6 milyon dola nan bò rivaj Pak Eta Green Lakes, ki prezante yon nouvo sant edikasyon anviwònmanal ki ouvri tout ane a. Se patenarya piblik-prive ki te rann posib transfòmasyon Pak Eta ki pi vizite nan New York Santral atravè inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè a, epi li konplete “Central NY Rising,” modèl global rejyon an pou jenere devlopman ekonomik solid ak devlopman kominote.

“Pak Eta Green Lakes se yon destinasyon kle nan New York Santral ki rale plizyè milye vizitè pou fè jwi lak fantastik nan pak la, epi gwo kanpin, monte mòn, monte bisiklèt ak jwe gòlf anndan li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Amelyorasyon sa yo pral ranfòse koneksyon pak la genyen ak vizitè ki jen yo pandan l’ap ede asire li rete yon destinasyon touris popilè pou ane k ap vini yo.”

Pwojè sa a te konvèti yon anga bato ane 1940 yo ki te deteryore sou Green Lake pou li vini yon edifis modèn pou resevwa evènman pak epi amelyore pwogramasyon edikasyon anviwònmanal. Yo te demonte epi avèk swen rekonstwi materyèl anga bato istorik sa a te lwen pwent dlo yo. Nouvo sant 1,100 pye kare lan pral gen ladan nouvo espas sal klas miltifonksyon anndan, ak twalèt nan bilding lan, ansanm ak espas sal klas anplennè, yon espas pwomnad sou devan bò rivaj lak la ak yon debakadè pou kannòt/kayak yo, nouvo kyòsk pou lwe bato ak etajè pou estokaj.

“Amelyorasyon sou Pak Eta Green Lakes lan pral estimile touris ak ofri opòtinite adisyonèl nan kesyon edikasyon ak divètisman bay rezidan ak vizitè”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pak Eta a se li yo plis vizitè nan New York Santral, li atire plizyè milye timoun ak fanmi ki jwi tout sa li gen pou l ofri. Transfòmasyon sa a nan pak bò rivaj la pral kontinye atire touris ak devlopman ekonomik nan rejyon an ak pi lwen.”

Kòm yon pati nan pwojè a, Pak Eta New York yo te akonpli travay pou amelyore ekosistèm pak la, ki gen ladan restorasyon bò rivaj lak la, detounen dlo lapli lè tanpèt yo pou konstwi tè marekaj ak basen byolojik/byoretansyon; modènize sistèm elektrik la yo; ak reyabilite espas pakin ki fin deteryore nan West Beach la pou mete eleman peyizaj vèt nan plas li.

Komisyon Pak Eta nan Rejyon Santral la (Central Regional State Parks Commission) te alatèt yon patenarya piblik-prive ki te ranmase 1 milyon dola nan donasyon ak sibvansyon pou pwojè an, sa enkli ofri prezantasyon sou fòmasyon ak lasyans sou lak mewomitik ki ra nan pak la, lavi sovaj ak abita ki inik, yon gwo kat topografik pak la, moun ansanm ak pak la atravè listwa, epi yon kyòs aktivite pou souliye anpil aktivite moun ka fè nan Pak Eta Green Lakes atravè yon ekran tòch ki entè-aktif. Sant lan pral ede amelyore pwogram edikasyon anviwònmantal nan pak la, sa enkli ekskizyon eskolè ki resevwa finansman nan men pwogram finansman transpò [Connect Kids \(Konekte Timoun\)](#).

Santye Empire State la

Anplis, Pak Eta yo konplete yon pwojè 2 milyon dola pou renove yon seksyon 19 kilomèt sou Pak Eta Istorik Old Erie Canal soti nan Pak Eta Green Lakes ale nan Canastota. Pwojè a te enstale nouvo pousyè wòch kòm sifas nan pi gwo pati nan santye an ansanm ak sifas pave ak asfalt sou yon seksyon 2.6 kilomèt nan Chittenangon soti nan Lakeport Road East rive nan Canaseraga Road. Pwojè a ap avanse inisyativ Santye Empire State Gouvènè Cuomo an pou kreye 1,207 kilomèt santye pou bisiklèt ak pyeton ki ap kouvri Eta New York, soti Buffalo ale Albany epi soti nan Vil New York ale Kanada. Inisyativ Santye Empire State la pral amelyore ak agrandi santye ki ekziste yo tankou Pak Eta Old Erie Canal pou konekte 1,207 kilomèt santye divètisman atravè Eta New York.

Rose Harvey, Komisè Pak Eta yo (State Parks), te di, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisyon Pak Eta nan Rejyon Santral pou angajman yo pou konekte plis moun a Pak Eta Green Lakes. Nouvo sant lan pral ede vizitè jwi ak konprann pi byen lanati ak aktivite aleksteryè, ankouraje mòd vi ki aktif epi tou senpleman amize ak zanmi ak fanmi - pandan y ap ede konsève ekosistèm inik pak la”.

Prezidan Komisyon Pak Eta nan Rejyon Santral la Cornelius B. Murphy, Jr, te deklare, “Mwen remèsye lidèchip Gouvènè Cuomo, Komisè Harvey ak Direktè Rejyon Santral Joanne Mitchell ansanm ak jenerozite kominote New York Santral la paske yo rann rèv sa vini yon reyalitye. Nouvo Sant Edikasyon Anviwònmantal la (Environmental Education Center) pral ede asire tout timoun nou yo pral konprann pi byen mèvèy Lanati ofri nou chak jou”.

Senatè David J. Valesky te deklare, “Felisitasyon pou Pak Eta New York pou finalizasyon de pwojè majè sa yo ki pral amelyore bote Pak Eta Green Lakes ak Erie Canal kòm destinasyon touris. Envestisman konsiderab nan pwojè sa yo pral atire vizitè nan New York Santral ak benefisyè endistri ki lye ak touris nan tout nivo”.

Manm Asanble Bill Magnarelli te di, “Pak Eta Green Lakes fè pati lavi mwen depi m te yon jenn tigason. Naje, rame bato ak itilize kannòt anndan ak sou bèl lak sa a kite bèl souvni nan tèt mwen. Apre rankont ak Komisè Rose Harvey, epi tande direktè jeneral

Lekòl Syracuse Jaime Alicea, li te vini aparan renovasyon yo t ap konsidere yo ta pral non sèlman asire jenn moun aktyèl nou yo ta pral benefisye de yo, men tou nouvo renovasyon sa yo ta pral amelyore ak elve ekspeyans edikasyon yo. Se pout tèt sa lè yo te mande m, m te kontan pou m ede yo jwenn èd sibvansyon pou asire pwojè sa ale vèlavan”.

Manm Asanble Al Stirpe te di, “Nouvo Sant Edikasyon Anviwònmanal Pak Eta Green Lakes la pral ede enfòmè elèv ak vizitè pak la sou ekoloji ak istwa inik Green Lake ak Round Lake. Mwen konnen kijan yon pwojè konsa ka enpòtan pou New York Santral, donk mwen te asire m nou resevwa finansman nou te bezwen pou fè travay la. Mwen vle remèsye patnè mwen yo nan gouvènman, ansanm ak tout moun ki te fè kado tan ak kòb yo, paske yo rann edifis modèn sa a yon reyalitye”.

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikòl a (Assembly Committee on Agriculture), te deklare, “Santye yo ki nouvo ak amelyore sou Pak Eta Istorik Old Erie Canal la pral pèmèt rezidan ak vizitè egalman pou yo jwi ansekirite bote natirèl rejyon an. Menm si ou ap monte bisiklèt, monte mòn oubyen jis ap respire lè fre a, santye istorik sa yo ak Pak Eta Green Lakes gen tout bagay. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen nan lejislati a paske yo ekzekite rapidman ak efikasman reparasyon nou t ap tann depi lontan”.

Pwojè sa yo ajoute sou prèske 11 milyon dola pwojè renovasyon anteryè nan pak la, sa enkli renovasyon nan Golf Course Clubhouse, pou modènize Pine Woods Campground, rekonsevwa antre pak la, epi reyabilite santye pak la.

Amenajman nan Pak eta Green Lakes yo fè pati [Plan NY Parks 2020 Gouvènè a](#), ki se yon angajman pou envesti 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Eta yo pandan dire plizyè ane soti an 2011 pou rive 2020.

Akselere “Central NY Rising”

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja envesti pase 5.6 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

ANILE ENSKRIPSYON OU